

# POUKISA M TA DWE PRAN VAKSEN AN?

## POUKISA YO PRAN VAKSEN AN?

Vaksen an anpeche virus oswa lòt jèm maladi fè w malad. Yo montre sistèm defans ou, sistèm ki fè w ret an sante a, fason pou l atake mikwòb yo anvan yo enfekte w. Lè w te piti, yo te ba w piki kont plizyè maladi tankou lawoujòl ak koklich. Sa ki enpòtan sèke vaksen sa yo pwoteje w. Anrapò ak COVID-19 sa vle di kit ou pa trape virus la kit ou trape I, vaksen an ap anpeche w malad grav. Sa enpòtan akoz nouvo "varyans" sa vle di lòt fòm virus la kap pwopaje.

Varyan "Delta" a pi fasil pou trape, donk li pi ijan toujou pou nou pran vaksen an. Fòk gen ase moun nan kominote nou ki vaksinen pou virus la ka diminye pou nou nou ka retounen nan vi nòmal nou.

## KI AVANTAJ KI GENYEN LÈ YON MOUN PRAN VAKSEN AN?

Pi gwo benefis lè w pran vaksen an kont COVID-19 sèke lap pwoteje w pou w pa pran virus la e pou w pa malad grav. Virus la deja touye plis pase 600000 moun Ozetazini e pran vaksen an se sèl fason w ka an sekirite kont virus la. Sa vin pi enpòtan toujou akoz varyan Delta kap pwopaje a. Li deja enfekte anpil moun ki pat pran vaksen an e li lakoz yo malad grav oswa mouri.

## ÈSKE PA GEN OKENN RISK SI YON MOUN PRAN VAKSEN AN?

Jiskaprezan poko gen rapò ki montre vaksen kont COVID-19 la ka gen risk aprè anpil tan. Yo te teste vaksen yo e yo te apwouve pou "italizasyon ijan" yon fason pou n ka jwenn yo byen vit. Gen plis pase 100 milyon ameriken ki deja pran vaksen an. Pifò moun ap santi kèk efè segondè tankou doulè nan bra, kò fèmal oswa fatig. Sa yo se bagay ki NÒMAL Se fason sa a kò a aprann ki jan pou l rekonèt virus la e pou l pwoteje tèt li.

## MWEN PA FIN KWÈ VAKSEN YO SAN DANJE.

Gen moun ki enkyè paske yo kreye vaksen yo two vit. Men vaksen baze sou yon rechèch syantifik ki te fèt plizyè ane anvan sa. Yo te fè konpayi ki kreye vaksen sa yo kado anpil materyèl pou yo ka fè yo rapid.

**Gen yon pakèt dokiman disponib si w vle jwenn plis enfòmasyon sou vaksen kont Kowona virus yo. Pale ak doktè w oswa yon moun ou fè konfyans konsènan enfòmasyon medikal yo. Si w al sou entènèt, asire w ou al sou sit ki gen bon enfòmasyon tankou Centers for Disease Control and Prevention (CDC), lopital tankou Temple oswa UPenn, oswa Phila.gov/COVID**

# VAKSEN KONT COVID-19

## Kesyon moun abitye poze

### KI SA VAKSEN 101 AN YE?

Gen twa vaksen kont COVID-19. De (Pfizer ak Moderna) ki itilize ARN virus la (jèn yo) pou ede sistèm defans ou rekonèt SARS-CoV-2, virus ki bay maladi a. Vaksen an pa chanje kòd jenetik ou yo. Lòt la (Johnson and Johnson) itilize pwoteyin virus la pou ede kò w rekonèt li. Toule twa efikas anpil ni pou anpeche w trape virus la oswa malad grav/mouri akoz COVID-19. Yo efikas anpil pou pwoteje w pou w pa malad grav oswa mouri akoz nouvo "Varyan Delta" a, yon nouvo fòm COVID-19 ki pi fasil pou trape pase premye virus la. Si w potko pran vaksen an, kounya se moman pou w fè sa!

### ÈSKE LI SAN DANJE?

Wi! Yo te déjà teste vaksen yo e yo te bay plis pase 100 MILYON Ameriken vaksen sa a san pwoblèm. Efe segonde grav yo ra, men nap kontinye suiv ou pou n asire n ko w pa mal reyaji apre piki a.

### ESKE LAP FÈ M MALAD?

Non! Yo pa itilize virus ki vivan nan vaksen yo e yo PAP ba w maladi COVID-19. Sa ap pran kèk semèn sèlman pou ko w fin pwoteje nèt, donk gen posiblite pou w trape maladi a pandan tan sa. Se sak fè li toujou enpòtan pou w mete mask, rete a distans 1,50 Mèt de lòt moun, e lave men w.

### KI EFÈ SEGONDÈ LI KA GENYEN?

Menm lè ou fè yon bagay ki bon pou ou tankou spo, li gen efè segondè tankou doulè nan misk. Pifò moun ki pran vaksen an di yo santi doulè nan bra. Ou ka santi w fatige oswa w gen tèt fèmal. Ou ka gen yon ti lafyèv oswa yon ti kò fèmal. Se yon bagay ki NÒMAL Se jis yon siy ki montre sistèm defans ou ap mache! E w pap santi sa ankò apre yon jou oswa plis.

### E SI NOU TE DEJA GEN COVID-19?

Ou ta dwe toujou pran vaksen an! Li posib pou w trape maladi COVID-19 yon lòt fwa, donk ou ta dwe vaksinen pou sa pa rive.

### ÈSKE GEN KÈK MOUN KI PA BEZWEN PRAN VAKSEN AN?

Si w te gen gwo alèji ak lòt vaksen, petèt ou pa ta dwe pran vaksen kont COVID-19 la. Pale ak doktè w pou w konn si lap bon pou ou.

# VAKSEN KONT COVID-19 IDE KI PA LAVERITE

## ÈSKE VAKSEN KONT COVID-19 LA AP MODIFYE ADN MWEN?

NON! Vaksen Pfizer ak Moderna itilize "ARN mesaje" pou montre selil nou yo fason pou yo pwoteje nou kont virus ki bay maladi COVID-19 la. Sa gen rapò sèlman ak virus la e li PA gen okenn efè sou ADN ou. Vaksen Johnson and Johnson nan itilize virus ki inaktif pou l montre kò nou fason pou l konbat virus COVID-19 la. Sa pap lakoz ou malad ni gen efè sou ADN ou.

## SI M TE GEN COVID-19, ÈSKE M TOUJOU BEZWEN PRAN VAKSEN AN?

WI! Nou pa konn pandan konbyen tan w pwoteje kont COVID-19 apre w fin trape I. Donk, li posib pou w trape l ankò. Li pi bon si w pran vaksen paske sa ap ba w yon pwoteksyon ki dire plis tan pase pwoteksyon natirèl ou genyen apre maladi a. NOTE SA: Si yo te ba w tretman ak "antikò monoklonal" oswa "plasma konvalesan' paske w te gen COVID-19, ou dwe tann 90 jou anvan w pran vaksen an. Pale ak Doktè w la si w pa fin konnen ki tretman yo te ba ou oswa siw gen lòt kesyon sou vaksinasyon an.

## VAKSEN AN TE DISPONIB RAPID. ÈSKE LI SAN DANJE?

Gen moun ki enkyè paske yo kreye vaksen yo two vit. Men, yo kreye vaksen yo apati rechèch syantifik ki te deja egziste depi prèske 20 an pou ede nan konbat yon maladi ki te parèt menm jan ak sa nou wè jodi a. Se sak fè yo te ka devlope yon vaksen pi rapid. Yo te fè konpayi ki kreye vaksen sa yo kado anpil materyèl pou yo ka fè yo rapid.

## ÈSKE TES COVID-19 MWEN AP POZITIF APRE M FIN PRAN VAKSEN AN?

NON! Pa gen okenn nan vaksen yo kap lakòz ou teste pozitif apre yon tès pou virus COVID-19. Tès sa a montre enfeksyon ki la kounya. Ou ka teste pozitif nan yon tès antikò paske vaksen yo ede kò w devlope antikò ki pwoteje w pou w pa pran virus la. Tès sa a sèlman montre ou pwoteje kont COVID-19.

## ÈSKE LI SAN DANJE SI M ANSENT OSWA SI M VLE VIN ANSENT?

WI! Pa gen okenn prèv ki montre vaksen an danjere pou fi ki déjà ansent, k ap bay timoun tete oswa ki vle vin ansent. Anfèt, COVID-19 danjere ni pou manman ni pou tibebe a, donk, pran vaksen se pi bon pwoteksyon an. Pa gen rezon pou yon moun pa pran vaksen an. Men si w toujou enkyè, pale ak Doktè w.

# VAKSEN KONT COVID-19 EFÈ SEGONDÈ

## KI EFÈ SEGONDÈ LI KA GENYEN?

Efè segondè se bagay ki ka rive apre w fin fè yon bagay. Nan pifò ka, nou panse ak yo tankou bagay ki mal oswa ki degoutan lè nou pran yon remèd. Men, efè segondè ka yon bon bagay oswa li ka pote byenfè. Si se ak sa wap panse, gen efè segondè pou anpil bagay. Si nap fè spò, yon bagay ki bon pou nou, nou ka gen bon efè segondè tankou plis eneji oswa dòmi pi byen. Men nou ka gen move efè segondè tankou doulè nan mis nan pwochen jou a. Anrapò ak vaksen an, ou ka gen kèk efè segonde pandan kò w ap aprann fason pou l goumen ak virus yo te ba w vaksen kont li a. Nan ka sa a se virus ki lakòz maladi COVID-19 la.

## KI EFÈ SEGONDÈ KI PARÈT PI SOUVAN?

Efè segondè moun yo rapòte sou vaksen COVID-19 yo se menm efè segondè sa yo nenpòt lòt vaksen ka bay. Efè segondè ki rive pi souvan an se doulè nan bra lè w fèk pran piki a. Lòt efè segondè ki abitye genyen yo se yon ti fyèv, kò fèmal oswa tèt fèmal e kèk moun ka santi yo fatige. Tout sentom sa yo se sentom ki NÒMAL. Sa jis montre sistèm defans ou ap mache!

E w pap santi sa ankò apre yon jou oswa plis.

## SI M GEN EFÈ SEGONDÈ ÈSKE SA VLE DI MWEN GEN COVID-19?

Non! Yo pa itilize virus ki vivan nan vaksen yo e yo PAP ba w maladi COVID-19. Sa ap pran kèk semèn sèlman pou ko w fin pwoteje nèt, donk gen posiblite pou w trape maladi a pandan tan sa. Se sak fè li toujou enpòtan pou w mete mask, rete a distans 1,50 Mèt de lòt moun, e lave men w.

## ÈSKE KA GEN EFÈ SEGONDÈ KI GRAV?

Sa vrèman ra, men kò yon moun ka gen yon reyakson alèji grav apre l fin pran vaksen an. Se sak fè nou fè w rete aprè vaksen an pou n ka suiv ou pandan 15 minit. Si w vrèman gen kesyon, gen yon gwoup medsen ki la pou ede w. Ozetazini, se yon ti kras efè segondè grav yo te rapòte.

## KI SA M TA DWE FE SI M SANTI EFÈ SEGONDÈ?

Si w santi efè segondè, ou ka jere sa lè w pran acetaminophen (Tylenol) oswa ibuprofen (Advil, Motrin). Sa ka ede w kalme doulè a oswa lafyèv la. Anplis, asire w ou repoze e w bwè ase dlo pou idrate kò w Sa ka ede w geri pi vit.